

Chè Nouyòkè,

Pati anwo ak anba eta, nan vil yo, katye popilè ak nan kominote riral yo, vyolans domestik se yon kriz nan tout eta a. Viktim vyolans domestik yo souvan fè fas a difikilte nan chèche oswa kenbe lojman ak travay akòz vyolans nan lavi yo.

Erezman, Iwa Eta Nouyòk pwoteje dwa viktим vyolans domestik yo pou yo ka kontinye rete lakay yo epi pran swen fanmi yo san yo pa fè fas ak diskriminasyon. Ti liv sa a eksplike kèk nan Iwa sa yo e li gen ladan enfòmasyon sou sa pouw fè si ou kwè yon patwon fè diskriminasyon kont ou akoz de stati viktим ou.

Biwo nou an angaje nan bay opòtinite pou tout Nouyòkè k ap chèche amelyore avni yo. Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, pa ezite kontakte nou.

Sensèman,

Letitia James



Pwokirè Jeneral Vil
New York la
Letitia James

Resous

Biwo Pwokirè Jeneral nan Biwo Dwa Sivil Eta Nouyòk la

28 Liberty Street
New York, NY 10005
(212) 416-8250
(800) 788-9898 (TTY)
ag.ny.gov

Division Dwa Moun Eta Nouyòk

One Fordham Plaza, 4th Floor
Bronx, NY 10458
888-392-3644
(718) 741-8300 (TTY)
dhr.ny.gov

Biwo Eta New York pou Prevansyon Vyolans Domestik

26 Federal Plaza, Room 3541
New York, NY 10278
(518) 457-5800
(212) 264-0927 (TTY)
opdv.ny.gov
opdvdvworkplace@opdv.ny.gov

Sant Ranfòsman Lojman Ekitab Departman Lojman ak Devlopman Iben Ameriken

26 Federal Plaza, Room 3532
New York, NY 10278
(800) 496-4294
(212) 264-0927 (TTY)

Pou yon lis konplè resous atravè eta a tanpri vizite:

opdv.ny.gov/whatisdv/dvlinks.html

Viktим Vyolans Domesti

Konnen Dwa Ou Yo



Biwo Pwokirè Jeneral
Letitia James
nan Eta New York



Tretman San Patipri Nan Espas Travay

Daprè Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk, li illegal pou fè diskriminasyon kont yon moun paske moun sa a se yon viktим vyolans domestik.

- Li illegal pou diskriminasyon kont yon viktим vyolans domestik nan anbochaj oswa revokasyon, kondisyon travay, avansman nan travay, demann pou itilize tan konje, oswa nan vanjans pou depoze yon plent pou diskriminasyon.
- Daprè Lwa Travay New York, yon viktим vyolans domestik ka kalifye pou resevwa benefis asirans chomaj si viktим nan kapab bay dokiman sou abi a epi li rezonableman kwè ke kontinye travay ta ka mete sekirite li an danje.
- Viktим vyolans domestik ki bezwen tan pou swen medikal oswa swen sante mantal yo pwoteje anba dispozisyon ki relatif andikap e ak akomodasyon rezonab de Lwa Nouyòk sou Dwa Moun ak Lwa sou Konje Medikal pou Fanmi si konje a se akòz pwòp kondisyon sante grav ou oswa kondisyon sante grav yon manm fanmi ki kalifye ki soti anba vyolans domestik.

Lwa Vil Nouyòk ak lwa Westchester bay pwoteksyon pou viktим vyolans domestik tou.

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk ak Lwa sou Dwa Moun Westchester entèdi patwon yo revoke oswa diskrimine kont yon moun paske moun nan oswa yo pèsi li kòm yon viktим vyolans domestik, ofans seksyèl, oswa asèlman kriminèl. Lwa sa yo egzije tou pou anplwayè yo fè akomodasyon rezonab pou viktим aktyèl oswa konnen viktим vyolans domestik, ofans seksyèl, oswa asèlman, osi lontan ke akomodasyon sa yo pa lakòz difikilte twòp pou patwon an.

Dwa ou Pou w Gen Lojman Ekitap

Li illegal pou pwopriyetè yo refize lwe viktим vyolans domestik oswa refize bon lojman sibvansyone federalman yo.

Lwa Eta Nouyòk pwoteje viktим vyolans domestik kont diskriminasyon lè yo eseye lwe oswa lwe lojman. Li tou bay viktим yo yon defans nan pwosedi degèpisman ak yon dwa prive nan aksyon.

Lwa sou Vyolans Kont Fanm pwoteje viktим vyolans domestik, vyolans nan bay randevou, atak seksyèl, oswa asèlman kriminèl, ki ap viv nan lojman ki federalman sibvansyone. Dapre lwa sa a, li illegal pou yon pwopriyetè k ap patisipe nan pwogram lojman ki federalman sibvansyone, tankou lojman Seksyon 8, pou refize oswa mete fen nan asistans bon ki baze sou estati viktим.

Pwogram Living in Communities nan Vil Nouyòk bay asistans lwave pou viktим vyolans domestik.

Pwogram Living in Communities nan Vil Nouyòk bay bon lojman pou viktим vyolans domestik ki kalifye yo. Pwopriyetè nan Vil Nouyòk yo entèdi diskriminasyon kont lokatè paske yo resevwa bon lojman Living In Communities oswa nempòt lòt asistans lwave legal gouvènmantal legal.

Buffalo, Hamburg, West Seneca, Westchester, Nassau ak Konte Suffolk entèdi tou diskriminasyon asistans lwave gouvènmantal.

Gen lwa pou pwoteje moun ki kite kay yo pou yo sove anba vyolans.

- Lwa Eta Nouyòk pèmèt lokatè ki gen lòd pwoteksyon ki egziste deja pou jwenn tribunal la mete fen nan kontra lwave yo, malgre refi mèt kay yo.
- Lwa Vil Nouyòk pwoteje yon viktим ki sove kite yon rezidans prensipal tanporèman akòz vyolans. Si lokatè a eksprime entansyon pou li retounen nan kay la, mèt kay la dwe bay lokatè a 30 jou avi anvan li eseye reprann lokal yo.

Lót Pwoteksyon

Daprè lwa Eta Nouyòk, ou ka jwenn lòd pwoteksyon tanporè elektwonikman epi fè yo tradwi yo.

Yon pwogram pilòt 2015 nan plizyè Tribunal Fanmi pèmèt viktим vyolans domestik yo chache lòd pwoteksyon tanporè nan mwaven elektwonik olye yo gen pou yo parèt an pèsòn. Yo kapab tradwi tou nan lang viktим nan lè sa nesesè.

Konte Westchester bay pwoteksyon adisyonèl pou viktим vyolans domestik yo.

- Plas akomodasyon publik yo entèdi diskriminasyon kont viktим vyolans domestik.
- Pwopriyetè kay yo entèdi refize lojman ak kontra lwave oswa renouvèlman kontra lwave bay viktим yo nan sèten sikonstans. Viktim k ap chèche pwoteksyon yo, yo ka mande yo prezante dokiman sou abi yo, ke pwopriyetè yo oblige kenbe strikteman konfidansyèl.

Remak: dispozisyon sa yo pa aplike nan kay yon sèl fanmi oswa bilding pwopriyetè yo okipe ak kat inite oswa mwens.

Depoze yon Plent

Nan ka yon sitiyasyon ki menase lavi ou toujou sonje rele 911 an premye.

» **Division Dwa Moun Eta Nouyòk**

» **Biwo Pwokirè Jeneral la**